



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS SIPLEMANTÈ POU EDE ANPECHE
INONDASYON LAK ONTARIO A**

***Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo deplwaye plizyè milye sak sab
siplemantè, 6 Ponp 6 Pous, 1,500 Pye Tiyo 6 Pous ak 100 Pye Akwadam
Direkteman nan Sodus Bay***

Manm Gad Nasyonal New York yo te Plase sou Atant

***Ajans Eta yo an Alèt, Yo Pare pou Asiste Nenpòt Kominote Ki Te Afekte Pa Nivo
Dlo Ki Ap Monte yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te pase ajans Eta yo enstriksyon pou kòmanse deplwaye resous pou pwoteje kominote yo ki sou tout rivaj Lak Ontario yo kont inondasyon potansyèl ki ta ka koze pa nivo dlo ki ap monte nan lak yo. Resous sa yo enkli yon 30,000 sak sab siplemantè ki pa ranpli, preske 6,000 sak sab ki ranpli, 6 ponp 6 pous, 1,500 pye tiyo 6 pous ak plis pase 100 akwadam dirèkteman pou Vilaj Sodus Point. Epiou gouvènè a te anonse ke 20 manm Gad Nasyonal New York te plase sou atant pou asiste jan sa nesesè.

"Enkyetid nou se moun ak pwopriyete nan Eta New York la, epi inondasyon se yon vrè posibilite pou nou kapab prepare nou pou ka senaryo ki pi mal la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap deplwaye resous siplemantè ki enkli yon akwadam ak plizyè milye sak sab, epi nou genyen pèsonèl Gad Nasyonal sou atant. Nou dwe aksepte ke inondasyon ak kouran dlo k ap monte se yon nouvo reyalite, epi nou bezwen konstwi pou nouvo reyalite sa a olyede reponn ak ijans sa yo tout tan."

"Aprè mwen te fin vizite kominote ki te touche pa inondasyon epi lè m te fin konstate destriksyon an, mwen konnen enpak devastatè inondasyon Lak Ontario te genyen sou pwopriyete ak biznis yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ak deplwaman siplemantè resous yo, n ap prepare pou inondasyon potansyèl epi nou prè pou asiste rezidan ak kominote yo nan divès kapasite."

Pandan wikenn nan, Gouvènè a [te anonse](#) ke Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) te kòmanse kowòdone apèl pou preparasyon ki regilye yo ak patnè lokal yo, epi l ap pozisyone resous krisyal pou entèvansyon ak rekiperasyon yo sou tout rivaj lak yo pou redwi enpak inondasyon potansyèl yo anvan li rive. Sou direksyon Gouvènè a, Divizyon an te deplwaye 216,000 sak sab ak plizyè sanbagger pou sit estratejik ki sitiye bò lak la, anplis de resous ki deplwaye yo jodia. Sak sab, sanbagger ak akwadam siplemantè pral deplwaye nan lokalite yo sou demann.

Aprè inondasyon grav yo nan peyi Kanada, Komisyon Konjwen Entènasyonal la (International Joint Commission, IJC) ap kontinye redwi kouran dlo k ap soti nan Baraj Moses-Saunders lan ki sou Rivyè St. Lawrence nan yon efò pou minimize enpak yo, pandan nivo dlo lak yo aktyèlman rete a plis pase yon pye pi wo pase nivo mwayen an. IJC a resaman kòmanse ogmante kouran pou fè fas ak inondasyon potansyèl nan Lak Ontario. Nan kòmansman lane sa a, Gouvènè Cuomo [te voye yon lèt](#) bay Komisyon Konjwen Entènasyonal la pou mande l maksimize kouran dlo k ap soti nan sistèm Lak Ontario a pou evite inondasyon plizyè milye Nouyòkè te fè fas a yo nan lane 2017. Depi lè sa a, nivo dlo yo te rete pi wo pase nivo dlo mwayen yo epi yo prevwa ke yo pral ogmante nan semèn ki gen pou vini yo, ki bezwen deplwaman pwoyaktif resous eta yo nan rejyon an pou pwoteje pwopriyete kay yo ak biznis yo kont inondasyon potansyèl yo.

Ekspè ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo kontinye ap sipèvizè done ak rapò ki soti nan IJC sou pwojeksyon nivo dlo yo pou idantifye zòn potansyèl ki ka afekte pa nivo dlo k ap monte yo. An plis, pèsònèl Pèmi DEC a yo prepare pou asiste minisipalite yo oswa pwopriyete pwopriyete yo pou nenpòt pèmi ki nesèsè pou asire ke yo bay otorizasyon pou ka fè reparasyon ki nesèsè oswa pou estabilize pwopriyete yo kont nivo dlo ki elve yo ak evènman gwo vag dlo ki koze pa van yo. Depi apre evènman nivo dlo elve yo an 2017, DEC te bay plis pase 3,000 pèmi pou mezi ijans yo ak mezi pwoteksyon rivaj yo pou abòde enpak nivo dlo elve yo sou tout rivaj Lak Ontario, Rivyè Lower Niagara ak Rivyè St. Lawrence yo.

Anplis, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, an kowòdinasyon ak ekip travay ke Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) te bay la, ap sipèvizè operasyon pou kreye sak sab yo nan etablisman li yo ki nan chak ywit konte yo ki pataje fwontyè ak Lak Ontario. DOCCS ap founi ywit ekip travay ki fòme de moun enkasere ki elijib pou ranpli sak sab yo:

- Etablisman Koreksyonèl Cayuga (Cayuga Correctional Facility) - travay nan konte Cayuga
- Etablisman Koreksyonèl Cape Vincent (Cape Vincent Correctional facility) - travay nan Konte Jefferson
- Etablisman Koreksyonèl Wyoming (Wyoming Correctional Facility) - travay nan Konte Monroe
- Etablisman Koreksyonèl Gowanda (Gowanda Correctional Facility) - travay nan Konte Niagara
- Etablisman Koreksyonèl Orleans (Orleans Correctional facility) - travay nan Konte Orleans
- Etablisman Koreksyonèl Watertown (Watertown Correctional Facility) - travay nan Konte Oswego
- Etablisman Koreksyonèl Riverview (Riverview Correctional Facility) - travay nan Konte St. Lawrence
- Kanpis Trètman Willard Drug (Willard Drug Treatment Campus) - travay nan Konte Wayne

Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ak Sosyete Kanal Eta New York la (New York State Canal Corporation, NYSCC) t ap travay ak Jesyon Ijans Biwo Eta a (State Office of Emergency Management) pou sipòte misyon mitigasyon inondasyon an bò Lak Ontario a. NYPA ak NYSCC pral founi yon total 7 semi remòk sibese ak operatè pou bay sak sab ak palèt nan konte Niagara, Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga, Oswego, Jefferson ak St. Lawrence pandan jounen an.

Aprè inondasyon Lak Ontario ak Vwa Maritim St. Lawrence lan nan ane 2017, ki te lakoz gwo dega nan kay, biznis, ak enfrastrikti lokal yo, Gouvènè Cuomo ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan te kowòdone avèk patnè onivo konte ak onivo lokal yo pou yo kontwòle nivo dlo yo epi distribiye resous yo, ki gen ladan anpil milyon sak sab ak konstwiksyon plizyè milye pye baraj tanporè. An plis, Gouvènè a te reyisi garanti yon deklasyon dezast federal pou konte yo ki afekte pa inondasyon yo, ki gen pami yo Konte Monroe ak Cayuga, ki te inisyaman pa enkli nan deklarasyon an, jiskaske Gouvènè a te lanse yon apèl.

Eta a te pran yon angajman pou bay 95 milyon dola pou rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo. Pwogram retablisman an te kòmanse avèk yon angajman inisyèl 45 milyon dola pou ede rezidan yo, ti biznis yo, ak minisipalite inondasyon an te afekte yo. Yo te ajoute de sibvansyon 5 milyon dola ki soti nan Pwogram Etablisman Eta ak Minisipalite a yo (State and Municipal Facilities Program) pou ranfòse èd yo te bay deja yo epi ofri asistans finansye ki nesèsè pou efò retablisman yo. Bidjè Eta 2018-19 lan te gen ladan yon 40 milyon dola adisyonèl pou pwogram rekiperasyon an, ki te kontinye sipòte rekonstwiksyon ak estabilizasyon rivaj yo, ranbousman pou reparasyon ijans yo pandan inondasyon yo ak rekonstwiksyon dig lan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)